



Ti liv #10: OPRESYON AK SANSIBLITE ASPIRIN/ Medikaman anti-enflamatwa ki pa estewoyid (NSAID - an Anglè)

Pou gwo majorite moun ki gen opresyon, pran aspirin oswa yon medikaman anti-enflamatwa ki pa estewoyid (NSAID, ki pwononse kòm lèt "N" ak mo "sed") pa gen okenn efè sou opresyon yo, ni bon ni move. Sepandan, pou jiska 7% moun ki gen opresyon, aspirin oswa nenpòt lòt NSAID, tankou ibipwofèn (*Advil*®, *Motrin*®) ak naproxen (*Aleve*®, *Naprosyn*®), ka lakòz opresyon vin pi mal, souvan nan fòm yon atak grav ak toudenkou. Anplis ak lakòz sentòm opresyon, aspirin ka lakòz konjesyon nan nen ak doulè nan vant kay moun ki siseptib. Pi souvan, sansiblite a aspirin sa a devlope nan laj granmoun. Sa a rive souvan ansanm ak polip nan nen (kwasans tisi siplemantè nan nen ki bouche pasaj nan nen yo). Piske souvan tou de poumon ak nen/sinis yo enplike, yo te rele kondisyon an pi jeneralman "maladi respiratwa anvlimen pa aspirin" ("aspirin-exacerbated respiratory disease," AERD, pwononse kòm 4 lèt apa nan 4 silab an Anglè).

Ki sa ki lakòz sansiblite aspirin/NSAID?

Gen anpil bagay ke nou pa konnen sou AERD, plis se ke nou pa konnen kisa ki lakòz li. Se pa yon karakteristik eritye ki pase nan yon jenerasyon al yon lòt; li pa jenetik. Petèt se yon viris ki deklanche li. Nou konnen ke aspirin ak lòt NSAIDs gen aksyon byochimik ki gen rapò endirèkteman ak likotrayin yo (pwononse li-ko-tra-yin), pwodui chimik ki enpòtan nan enflamasyon ak kontraksyon misk bwonch nan opresyon. Moun ki gen AERD yo gen tandans fè kantite likotrayin depase. Li posib ke yon dezekilib nan règleman chemen byochimik sa yo mennen kèk moun ki gen opresyon yo vilnerab a efè aspirin ak lòt NSAIDs. Entolerans aspirin ak lòt NSAID yo se pa toutafè yon alèji. Li pa pi komen nan moun opresyon you anpire pa alèjèn tankou kal bèt, akaryen pousyè, mwazi, polèn, elatriye; epi li pa enplike selil yo (tankou selil mast) oswa antikò (tankou iminoglobilin E, IgE) ki enpòtan anpil nan lakòz opresyon alèjik. Ni se yon "alèji" medikaman espesifik tankou alèji penisilin. Si ou gen yon reyaksyon opresyon ak aspirin, ou pral fè eksperyans menm reyaksyon an a tout NSAID yo, ak vise vèsa (ki vle di si ou fè eksperyans yon reyaksyon opresyon a ibipwofèn, ou bezwen evite aspirin ak tout lòt NSAID yo).

AERD ra nan timoun yo. Adilt yo pi souvan devlope sansiblite aspirin/AINS sa a nan 30enn ak 40enn yo. Li ka rive nan moun ki gen opresyon depi lontan, oswa li ka devlope lè opresyon fèk kòmpanse. Devlopman polip nen yo ka rive prèske nan menm laj sa a. Founisè medikal yo te konseye anpil moun ki gen opresyon kòm yon prekosyon jeneral pou evite aspirin, ankake nan

kèk pwen ou ka vinn devlope yon entolerans a aspirin. Nan Sant Opresyon (Asthma Center) MGB nou pa bay avètisman sa a, paske plis pase 90% moun ki gen opresyon ap tolere medikaman sa yo san okenn reyaksyon negatif pandan tout lavi yo.

"Kouman mwen ka konnen si mwen gen sansiblite aspirin/NSAID?"

Pifò moun dekouvri ke yo gen AERD pa eksperyans dirèk lè yo soufri yon reyaksyon opresyon ak aspirin oswa nenpòt NSAID. Reyaksyon an anjeneral devlope 30-90 minit apre yo fin pran medikaman an. Se pa deranjman nan vant ki pa espesifik ke anpil moun konn gen apre yo pran fanmi medikaman sa a. Li se yon anvliman grav nan opresyon ak souvan konjesyon grav nan nen ak nen koule. Pou moun ki pa sèten si yo ta ka fè eksperyans yon reyaksyon konsa epi yo bezwen pran youn nan fanmi medikaman sa a (pa egzanp, aspirin pou prevansyon atak kè oswa konjesyon serebral oswa lòt NSAID pou atrit), li posib pou yo fè tès pou sansiblite aspirin/NSAID nan yon anviwònman medikal ki an sekirite. Anpil alèjis ofri yon "defi aspirin" nan biwo medikal yo, kòmanse ak yon fraksyon yon grenn "aspirin ti bebe" (81 mg) epi ogmante dòz la gradyèlman pandan y ap swiv nenpòt reyaksyon negatif. Sant AERD nan Brigham and Women's Hospital (<https://www.brighamandwomens.org/medicine/allergy-clinical-immunology/allergy-aerd-center>) te fè plizyè santèn defi aspirin sa yo.

Tretman

Tretman opresyon ak polip nan nen nan moun ki gen sansiblite aspirin/NSAID se menm bagay la tout bon vre ak nan moun ki pa gen karakteristik inik sa a. Bwonkodilatatè ak kòtiko-estewoyid pou respire rete pilye tretman pou opresyon yo epi yo efikas nan moun ki gen sansiblite aspirin/AINS menm jan yo ye nan moun ki pa gen li.

Pi bon pwoteksyon an se evite.

Sa ki pi enpòtan se evite tout aspirin/NSAIDs, ki gen ladan tout pwodui konbinezon ki ka gen medikaman sa yo ladan. NSAIDs fè yon lis long de medikaman san konte ibipwofèn ak naproksen, ki gen ladan ni medikaman san preskripsyon ni sou preskripsyon. Kèk egzanp genyen ladan yo diclofenac (*Voltaren*®), indomethacin (*Indocin*®), ketorolac (*Toradol*®), meloxicam (*Mobic*®), nabumetone (*Relafen*®), ak tolmetin (*Tolectin*®). Yo vann aspirin anba yon varyete non mak, tankou *Ascriptin*®, *Aspergum*®, *Bufferin*®, *Ecotrin*®, ak *Halfprin*®. Menm pi piti kantite aspirin (pa egzanp, yon grenn 81 mg) ka lakòz yon reyaksyon grav epi yo ta dwe evite konplètman.

Anplis de sa, anpil remèd san preskripsyon pou maltèt, sentòm refwadisman, lafyèv, doule nan kò, ak plis ankò gen aspirin oswa lòt NSAID, tankou *Alka-Seltzer Original*®, *Anacin*®, *CVS Health Cold & Sinus Relief*®, *Excedrin*®, ak *Vanquish*®. Moun ki gen AERD yo dwe "lektè boutèy," ki pote atansyon serye sou sa y ap li nan tcheke tout engredyan medikaman san preskripsyon. Si w gen dout sou si yon medikaman se aspirin oswa genyen aspirin oswa lòt NSAID, pa devine. Asire w pa mande famasyon w oswa lòt founisè medikal ki gen konesans.

Kontrèman, prèske tout moun ki gen AERD ka pran acetaminophen (*Tylenol*®) san danje san yo pa pè yon reyaksyon negatif.

Medikaman ki modifye likotrayin

Paske gen kantite ogmante nan pwodui chimik yo rele likotrayin nan moun ki gen AERD, li lojik pou eseye anti-likotrayin yo pou trete kondisyon sa a. Gen de kalite anti-likotrayin. Yon kalite bloke aksyon likotrayin yo apre yo fin fòme. Yon egzanp nan sa a yo preskri anpil se montelukast (*Singulair*®), yon grenn pou pran yon fwa pa jou. Yon lòt ki tèlman sanble avè l se grenn pou de fwa pa jou, zafirlukast (*Accolate*®). Lòt kalite aji pou bloke fòmasyon likotrayin pwodwi chimik yo depi nan koumansman. Yon egzanp nan kategori sa a se zileuton (*Zyflo*®), yon grenn pou de fwa pa jou. Montelukast ka raman lakòz depresyon; zileuton pote yon ti risk pou lakòz enflamasyon fwa. Malgre ke pafwa yo itil anpil, pa gen okenn nan medikaman ki modifye likotrayin ki efikas nan AERD; epi pa gen okenn nan yo ki pèmèt yon moun ki gen AERD pran aspirin oswa lòt NSAID san danje. Evite konplètman rete obligatwa.

Byolojik yo

Dènyèmman la, medikaman enjektab yo itilize pou trete opresyon grav, ki difisil pou kontwole, ke yo rele jeneralman kòm "biyolojik," te pwouve itil nan anpil moun ki gen AERD ki gen opresyon ak/oswa polip nan nen yo ki pa reponn a tretman konvansyonèl yo. An patikilye, tretman antikò monoklonal yo rele dupilumab (*Dupixent*®) ki te administre kòm yon piki chak 2 semèn te itil anpil pou kèk pasyan. Lòt biyolojik yo apwouve tou pou tretman opresyon tenas ak/oswa polip nan nen, tankou omalizumab (*Xolair*®), yon piki yo bay chak 2 oswa 4 semèn depann de dòz ki nesèsè, ak mepolizumab (*Nucala*®), yon piki yo bay chak 4 semèn. Pou jwenn plis enfòmasyon sou "biyolojik" yo itilize pou trete opresyon, gade [ti liv Itilizasyon "Biyolojik" pou Trete Opresyon Grav \(ki poko fin prepare\)](#), nan Mass General Brigham Asthma Center. Tankou modifikatè likotrayin yo, pran biyolojik pou AERD pa pèmèt moun pran medikaman ki gen aspirin/NSAID san danje.

Desensibilizasyon aspirin ak terapi antretyen

Sepandan, li posib pou desensibilize de aspirin, yon ti jan sanble ak yon moun ki te gen yon reyaksyon alèjik ak yon pike myèl ka desensibilize de venen myèl lè yo resevwa kantite ogmante piki venen myèl, gradye ak anpil atansyon, jiskaske yo pa fè alèji ankò. Nan yon kad kontwole ak anpil atansyon (tankou nan Sant AERD nan Brigham and Women's Hospital), yo ka bay yon moun ki gen sansiblite aspirin okòmansman ti kantite aspirin pou vale epi answit, nan ti dòz ogmante ofiramezi, pi gwo ak pi gwo kantite jiska nan kou plizyè èdtan li ka pran yon mòso grenn aspirin (325 mg) san danje san okenn reyaksyon negatif. Reyaksyon lejè yo komen epi yo ka trete; reyaksyon grav yo ra, men yo ka jere tou pa founisè ekspè ki prezan pandan pwosedi desensibilizasyon an. REMAK: li ta danjere e pa saj pou eseye desensibilizasyon lakay ou!

Opresyon ak Sansiblite Aspirin

Kontrèman ak egzanp desensibilizasyon venen myèl, pou kenbe tolerans aspirin, moun nan bezwen pran yon aspirin chak jou. Si moun nan rate pran aspirin pou 1-2 semèn, sansiblite moun nan ak aspirin ap retounen, menm jan li te ye anvan desensibilizasyon. Si desensibilize de aspirin, yon moun ka pran lòt NSAIDS san danje ak ti risk reyaksyon ki pa serye.

Yo te fè yon obsèvasyon kirye nan mitan moun ki gen AERD ki te desensibilize de aspirin ak enjèstyon kontinye aspirin chak jou: polip nan nen yo ak souvan tou opresyon yo amelyore, pafwa dramatikman. Dòz abityèl rekòmande pou tretman AERD ak aspirin apre desensibilizasyon se 650 mg/jou, byenke li posib ke pou anpil moun dòz sa a ka diminye yon ti jan oframezi. Efè segondè potansyèl yo enkli, previzibman, iritasyon nan lestomak ak senyen. Egzakteman ki jan apwòch terapetik sa a, refere kòm yon terapi desensibilizasyon ak antretyen pou aspirin, ki pote non ADAM, travay pou amelyore AERD rete tout bon vre yon mistè menm jan ak sa ki lakòz AERD tout bon vre.